


# *MBEU HAINGAZOGARI NHAKA*

## *PAMWE CHETE NEMAKWANDE*

 Ndatenda zvikuru, Hama Demos. Uye zvino tine mufaro kuva pano mangwanani ano, uye kunzwa zvapupu zvakanaka izvi kubva kuvanhu vakanaka ava, uye ndinovimba kuti Mwari acharamba anesu nokutiropafadza.

<sup>2</sup> Zvino, manheru ano, ndinonzwisisa kuti ndichataura manheru ano, kana Ishe atendera. Uye ndakumbira Hama Shakarian, nguva shoma yapfuura, ndati, “Zvino, musanzwa kunyara. Ndinoziva kuti takafanira kubuda muno nenguva dza eleven o’clock uye ndi—ndinokanganwa kuti inguvai kana ndamira pano.”

<sup>3</sup> Zvinoratidzika sokunge tose tinodaro. Tinonzwa . . . Vanoti, “Maminitsi maviri, maminitsi matatu, kana . . .” Hama Smith, munozviziva, zvakaoma kuzviita mumaminitsi maviri kana matatu. Uye ndinoziva zvazviri, uye ndinonzwira urombo mumwe nomumwe. Asi tiri muzera renguva, ndimo matiri. Tiri kuenda kuna Zienda-nakuenda, asi zvino tiri muzera renguva.

<sup>4</sup> Uye ndati, “Hama Demos, kana nguva yava kuda kukwana, musanzwa kunyara, dhonzai bhachi rangu zvino ndinobva ndaziva kuti yakwana nguva yekupedza.” Zvino, kana ndikapedza, ndinozopedzisa nhasi manheru. Saka kana ndikapedza, zvakanaka, ndine imwe nyaya itsva yanhasi manheru.

<sup>5</sup> Zvino tisati tavhura Bhuku, regai titaure neMunyori, misoro yedu yakakotamiswa.

<sup>6</sup> Baba vanodikanwa vari kuDenga, tinokutendai Imi mangwanani ano nokuungana uku, nezvatatonzwa kare. Kana tichifanira kukumikidza chiropafadzo iye zvino, Ishe, tinonzwa kuti zvanga zvakanaka kuti tive pano. Nokudaro ndinonamata kuti Muenderere mberi, kana zvakanaka mumeso eNyū, uye kuenderera mberi muinesu nokutibatsira. Zvino taunganira Shoko. Sokuungana kwataita mukuyanana mumwe kuno mumwe, tichinzwa zvapupu zvezvaMakatiitira, zvino regai tidzokere Mushoko uye tione kuti zvose izvi zvinobva kupi. Zvino, izvi ndizvo zvinosimbisa zvatiri kunzwa nokuona, zvichiitika nhasi. Itai zvinhu izvi muZita raJesu Kristu. Amenii.

<sup>7</sup> Zvino, so—somuranda waKe, ndi—ndine mungava kuMharidzo. Uye nguva zhinji ndakatadza kunzwisiswa kwazvo, munguva dzapfuura, zvichida zvichagara zvakadaro. Asi handitaure zvinhu dzimwe nguva kuti—kuti ndisiyane navamwe, ndinozvitaura kuti nditendeke. Uye ndinoda kutaura

zvandinofunga kuti ndizvo zvakarurama. Munhu wose a—ane mvumo kuzvinhu izvi, kutaridza mafungiro ake. Ndicho chikonzero ndiri pakati penyu.

<sup>8</sup> Uye Hama Shakarian, vachitaura pamusoro pamakadhi okunamatira vanorwara mumitsara yokunamatira, kuti tione izvo Mweya Mutsvene...Zvino, havana kutaura izvi pamusoro pangu. Zviri pamusoro peMweya Mutsvene, nokuti handikwanisi kuita zvinhu izvozvo. Chero ani anoziva, kuti handizvigoni. Asi—asi izvi zvidiki, zvamunoona pano. Dai mukambova kune dzimwe nzvimbo, uye moona kuti Anofanozivisa kuti zvinhu zvichaitika sei! Uye ini...zvinhu zvinoitika, izvi, zvinongova...imi, ndimi munozviita. Ndimi munotenda Mwari.

<sup>9</sup> Uye—uye kana usingatendi muna Mwari, rangarirai kuti, Anokutaurira kudaro, kubva pano papuratifomu. Uye kana uri muchivi, Anokuudza kudaro. Uye nezvinhu zvawakaita, nezvawaisafanira kuita, Anokuudza kudaro. Hazvigumiri chete pane zvavanoisa pakadhi rokunamatirwa. Vangaisa pakadhi rokunamatirwa ravo...Havangaisi, ipapo, kuti ndiri “mutadzi,” uye kuti mudzimai uyu anga “achigara nomurume asiri wake,” kana zvakadaro. Uye havaisi zvakadaro pakadhi rokunamatirwa, asi Mweya Mutsvene unozviona zvakadaro, maona. Maona? Uye nokudaro zviripo zvino (sei) mu—muchikamu chomweya, shamwari.

<sup>10</sup> Ndinotaura izvi nokuremekedza. Nokuti, hatina kuwanda pano mangwanani ano, tinongova boka diki. Zvinondikatyamadza, kusvikira ndinodedera, ndinongonzwa kuda kudandzira dzimwe nguva. Uye kana ndakagara pasi, mugomo, umo mandinopedza nguva yakareba ndiri, ndichigamuchira kubva kuna Mwari, ndozouya ndopa vanhu zvaanenge Andipa. Zvino ha—handidi kupesana navanhu. Asi zvino, kuti nditendeke, ndinofanira kutendeke kuna Mwari, maona, ku—kuMharidzo.

<sup>11</sup> Zvino tiri kugadzirira, kana Ishe atendera, kuenda izvozvi parwendo mhiri kwamakungwa, mumazuva mashoma anotevera, uye kana kuri kuda kwaShe. Ndinokumbirisa zvikuru minamato yenyu.

<sup>12</sup> Makanaka zvikuru imi! Ndikatanga kutaura, ndinokanganwa zvachose pamusoro penguva, sezvatinoita tose. Asi kwamuri Hama Shakarian, navaparidzi vakanaka ava vari pano papuratifomu, navari kunze uko, mose imi shamwari dzaJesu Kristu, ndinokukwazisai muZita raKe; seha—hama yenyu yapedyo, nokuda kwomuchinjikwa, kuna Mwari, tiri hama nehanzvadzi.

<sup>13</sup> Ndinoda kuvhura, mangwanani ano, muGwaro, riri muBhuku ravaGaratia, kana Ishe achida. Ndinoda kuverenga Gwaro.

14 Zvino, manheru apfuura, tichinzwa shoko rakapiwa nehama yedu mushumiri ari pano papuratifomu, akataura nendimi. Bredesen, Hama Bredesen, murume akanaka kwazvo. Ini . . .

15 Ndichiona izvi nokusadzidza nefundo yangu, nokutadza kwangu kunzwisisa nemashoko, asi ndichiziva kuti Mharidzo ndeyechokwadi, nokuonazve varume sevakanga vari muboka manheru aya, vakamira ipapo, vanokwanisa kusangana nevananyanjere. Vangatadza kuita zvakadadanirwa naShe kuti ndiite. Handikwanisi kuita zvakadadanirwa naShe kuti vaite. Asi tichishanda pamwe tose, ndine chokwadi chokuti tinogona kuti Mharidzo ifambe, kana tikangogara tiri pamberi paMwari.

16 Uye paakapa cha—chapupu pano husiku hwapfuura. Zvino Mweya Mutsvene wakataura nendimi, uye, mumwe munhu muungano, ndinogara ndichiremekedza izvi. Nokuti, ndinonzwisisa, neBhaibheri, kuti Mweya waMwari uri kutiunzira chimwe chinhu. Uye akati, akataura pamusoro pemvura yokupedzisira, mvura yokutanga neyokupedzisira. Uye izvi zvinondisvitsa pane imwe pfungwa.

17 Yokuti hama Bonham vandipa kapasuru kane macheke, vakati, “Uyu mupiro werudo we...kubva kuanhu.” Zvino, ivo—ivo, vanga vasingafaniri kudaro. Maona, handina kuuya pano nokuda kwaizvozvo. Asi ini...ivo, vandipa, uye, zvakadaro, panoita...hapana nzira yokuudzoserazve. Zvino ndichautora, kana Ishe achida, ndoushandisa pane zvichada kuzobhadharwa, kuenda mhiri kwemakungwa. Nokuti, handina anondibhadharira, kwandinoenda, handina.

18 Zviri kuitwa pakavanda, nokuti machechi haandigamuchiri. Zvino ndiri kuenda somuvhimi, nokuti ndezvaShe wangu. Ishe vakazviisa pamwoyo wangu kuti ndizviite, saka ndichaenda muchivande. Maona? Saka vane mamwe mafungire avo ikoko, okuti mumwe nomumwe wavo anoda kuti ndisaine kadhi, rokuti ndinobvumirana namatendero avo, uye ndoti rimwe boka *iri* rakatsauka, uye boka *iri* rinondigamuchira kana ndikati boka *iro* rakatsveyama. Maona? Asi handidi izvozvo. Maona, tiri . . .

19 Ndakagara ndichiedza kuyanana vanhu, zvisinei namasangano nokupesana kwavo, ndotaura sezvanga zvichitaurwa neMweya waMwari muhama pano mangwanani ano, kuti hatisi sangano. Tiri vana vemhuri imwe. Zvino, hakuna sangano raBranham. Kune mhuri yaBranham, zvino tose hatijoinhi mhuri iyi, tinoberekwa mumhuri iyi. Zvino nokudaro, ini, ndizvo zvandiri kuedza kumiririra, no—nokukwanisa kwose kwandinoziva.

20 Zvino muna vaGaratia 4:27-31, ndinotenda ndamaka pano, ndinoda kuverenga izvi somusoro wenyaya.

*Nokuti kwakanyorwa kuchinzi, Fara, iwe  
usingabereki usingazvari; pururudza udandizire, iwe*

*usingatamburi nokubereka: Nokuti musiyiwa ane... vana vazhinji kudarika vaiye unomurume.*

*Zvino isu, hama dzangu, muri vana vokupikirwa, saIsaka.*

*Asi sapananguva iyo uyo wakaberekwa nenzira yenyama wakatabudza wakaberekwa nenzira yoMweya, naizvo zvokadarovo nazvino.*

*Asi rugwaro runotiiko? Dzinga murandakadzi nomwanakomana wake: nokuti mwanakomana wemurandakadzi haangadyi nhaka pamwe chete nomwanakomana wowakasununguka.*

*Saka zvino, hama dzangu, hatizi vana vomurandakadzi, asi vowakasununguka.*

Ishe apamhidzire maropafadzo aKe zvino kuShoko raKe rinokosha.

<sup>21</sup> Ndine zvisihoma, manheru apfuura ndakanyora zvinhu zvisihoma; uye ndaisiti, kana ndiine musangano mumwe pavhiki, kumwe, ndai—ndaikwanisa kurangarira Magwaro aya chaizvo mupfungwa dzangu. Asi zvino mushure mokunge nda...Zvino, ndichitaura nenzira inoti sekesei, handisiri kuti ndava kuita zvokusetsa pano papurupiti. Asi mushure mokupfuura makore makumi maviri nemashanu, kechipiri, handicharangariri sezvandaisimboita. Pane zvakanwanda zve... Motokari yakare iyi ford yakafamba mamaira mazhinji, nokudaro handichazvirangariri. Asi kana ndichiri kugona kufamba, ndinoda kuti chose chandinaita chipe mbiri kuna Iye Akandiponesa.

<sup>22</sup> Zvino ini, ndichiona izvi mangwanani ano, ndichicherechedza...Zvichida izvi zvinoita sezvinokatyamadza, uye dzimwe nguva kumunhu wepfungwa zvinoita sezvakavhiringika, asi zvole zvinotsigira chandakadanirwa. Kunyange chinhu chidiki sei chiratidzo kwandiri. NdinoChitarira, ndoona kuti Chinofamba sei. Ndiyo nzira yandinowana nayo mharidzo dzangu dzimwe nguva, kutarira Mweya nokuona nzira yaunofamba nayo, ndoona kuti *uyu* unotii, *nouyo* unoti chii.

<sup>23</sup> Makandicherechedza, kazhinji, ndisati ndaita shumiro yokunamatira vanorwara, ndakamira papurupiti, kana ndakagara pasi, ndichitarisa. Ndiri kuteerera Mweya, mafambire waWo, ndobva ndatofanoziva kuti chii chinotambudza munhu akagara apo. Maona? Kuzviona, kuzviona *kuno*, maona, unoZvibata usati waenda papurupiti.

<sup>24</sup> Dzimwe nguva ndisati ndauya kumusangano, dzimwe nguva, ndisati ndauya sokuno kuCalifornia, ndakagara pasi naavo vanoti pamwe chete neni, vanoti, “Pachava nechinhu chichaitika, *ichi* chichaitika pano, *ichi* chichaitika zasi kuno,

chichafamba nenzira *iyi*,” maona, nokuti zviru muMweya waMwari. Iye ndiye . . . Anoziva zvinhu zvose kubva pakutanga, maona, uye zvino Iye ndiye Oga woKusingaperi.

<sup>25</sup> Zvino ndaona, mangwanani ano, Hama Jewel Rose, shamwari inokosha kwazvo nehama kwatiri tose, kuti asimuka akaverenga Mapisarema. Tarisai kuti izvi zvakabatana sei, sezvaatura, “Ndinoda kuona kuti imbeu rudzii iri mamuri.” Manheru apfuura, Mweya wakataura ukati, pamusoro, “Pemvura yokupedzisira, mvura yokutanga neyokupedzisira, yose ichidururwa mumazuva okupedzisira.” Zvino mangwanani ano, “Mbeu iri mamuri.” Maona, Mweya uchitaura, tarirai kuti Waita sei nomuvaparidzi ava, navamwe, mangwanani ano. Nokudaro ndave kutora musoro wenyaya uyu: *Mbeu Haingazogari Nhaka Pamwe Chete NeMakwande*.

<sup>26</sup> Uyu musoro wenyaya unoshamisa kwazvo, asi, *Mbeu Haingazogari Nhaka Pamwe Chete NeMakwande*. Uye ndichitora, zvandichitaura pane izvi, kana musoro wenyaya yangu, waro, kubva muvaGaratia 4:27, nhatu, Pauro pano ari kutaura pamusoro pembeu mbiri chaidzo dzevanakomana vaAbrahama. Zvino, izvi, ndinoda kuti ndizvishandise kuti musazvipotsa. Zvino kana ndikapfuurira nguva, ndichaparidzazve manheru ano. Uye ndinoda kudzidzisa, sedzidziso yeSunday school, kuitira kuti imi, ndinotenda, mugozova nokunzwisisa kwakanaka.

<sup>27</sup> Zvino, vamwe venyu imi varume vano—vanogona kuita izvi kudarika zvandinoina, nei. . . handisi mudzidzi webhaibheri, zvachose. Nokudaro mukapesana neni pane Izvi, ingoitai samanzwire andakaita manheru apfuura apo hanzvadzi inodikanwa pano yakandibikira cherry pie. Ndakagara pa—pa. . . mukamuri yangu muhotera mangwanani ano, nda—ndaruma mhodzi, asi ndinoramba ndichidya pie. Ndangobvisa mhodzi, maona. Nokudaro, izvo, zvamusingatendi paZviru, ingobvisai, maona, mongoenderera mberi muchidya zvamunofunga kuti zvakanaka.

<sup>28</sup> Zvino, Pauro ari kutaura pamusoro pavanakomana vaviri vaAbrahama, vanova, mumwe akaberekwa naSara uye mumwe naHagari. Zvino tinoona pano, uye tinozvinzwisisa kubudikidza neMagwaro, kuti Mwari haamiririrwi muhuviri. Asi muhutatu. Nguva yose muhutatu, ndimo munokwaniswa Mwari.

<sup>29</sup> Samhu dzeBhaibheri dzakakwana. Mwari anokwaniswa muhutatu, achinamatwa muhunomwe, nezvakadaro. Maona, nokudaro ti—tinoona kuti samhu dzeBhaibheri hadzikundiki.

<sup>30</sup> Zvino pano tine vanakomana vaviri vaAbrahama, asizve tinokwanisa kuva vagari venhaka chete kana tiri mumwe wevanakomana ava, kana mumwe mwanakomana vaAbrahama. “Nokuti isu takafa muna Kristu, tinova mbeu dzaAbrahama,

uye tova vadyi venhaka pamwe naYe maererano nevimbiso,” nokudaro Abrahamama anofanira kuva nomumwe Mwanakomana.

<sup>31</sup> Zvino, tinoziva kuti mwanakomana wake wokutanga akamuita naHagari, uye tinoona kuti mwanakomana wake wechipiri akamuita na—akamuita naSara. Asi akava neMwanakomana wechitatu, anova Jesu. Zvino, zvinogona kuita sezvingashamisa, asi ndizvo zvatichaedza kujekesa. Sezvandataura, Mwari anoZviratidza, nguva dzose mukukwana, muhutu. Uye ndazvijekesa pamberi pavose zvino, kunyanya kune venyu vadzi...vadzidzi veBhaibheri, kuti zvinhu izvi zviri semaonero andinoZviita nawo, nzira yaZvinouya nayo kwandiri.

<sup>32</sup> Sapakutanga, Mwari, Mwari aigara oga, nokuti aiva iYe woKusingaperi, maona, akanga asati Ava Mwari. *Mwari* “chinhu chinonamatwa.” Uye Mutumbi weChiedza weShoko, sokudana kwatinoUita, Shoko rakabva muna Mwari, Iro, ani nani anoziva kuti Iyi yaiva Ngirozi yaShe, kana Shoko raIshe, rakatevera vana vaIsraeri murenje; Ngirozi yeSungano, Mutumbi weChiedza weShoko wakabva muna Mwari. Zvino Mutumbi weChiedza weShoko wakaitwa nyama ukagara pakati pedu. Zvino tiri muna Mutsvene Johane 1, “Pakutanga kwaiva neShoko, Shoko rakange riri kuna Mwari, uye Shoko rakange riri Mwari.” Zvino, zvaAkapa upenyu hwaKe nokuda kwedu, nokudaro Mweya waKe unodzoka pamusoro pedu. Jesu akati, “Nezuva iro muchaziva kuti Ini ndiri muna Baba, Baba vari maNdiri; Ini mamuri, uye imi maNdiri.”

<sup>33</sup> Maona, NdiMwari, nguva yose, Mwari Achizviratidza, achiZvishanda mumazera akasiyana. Nokudaro hutatu uhwu, hunoti, Baba, Mwanakomana, noMweya Mutsvene, ndiMwari mumwe chete achishanda muhunhu hutatu. Zvino isu nhasi tiri vamwe, Chechi paChayo, chikamu chokufunga kwaMwari kubva nyika isati yavambwa, kuva ne—neChechi. Nokudaro avo vari muna Kristu vakange vari muna Kristu pakutanga, ndidzo dzaiva pfungwa dzaKe, uye pfungwa dzaKe ndihwo hunhu hwaKe.

<sup>34</sup> Apa ndipo panotangira mbeu, muvimbiso. Zvino pano Abrahamama akapokana zvishoma, paakaita Ishmaeri. Uye ndinoda kukuratidzai zvinhanho zvitatu zvacho, zveMbeu iyi yatichataura nezvayo, isingagari nhaka nemakwande. Zvino tinoona kuti, pakutanga pano, kuti Mwari akapa Abrahamama vimbiso.

<sup>35</sup> Akapa Adhama vimbiso, kutanga. Uye yakanga, kana kuti, sungano yaiva nezvirango. “Kana ukasaita *izvi*. Kana ukaita *Izvi*.”

<sup>36</sup> Asi paAkaipa kuna Abrahamama, yakanga isina zvirango, “Ndakatozviita kare.” Haana...ZvaAkaita, pakanga pasina zvirango, paAkaipa kuna Abrahamama. Zvino, nemairi, Abrahamama

akagamuchira vimbiso, nokudaro tinofanira kuva Mbeu yaAbrahama. “Yakanga isiri kuna Abrahama chete, asi nokuMbeu yake yaizotevera.” Zvino mukacherechedza, kwete “mbeu” dzaizotevera, asi “Mbeu” yaizotevera.

<sup>37</sup> Zvino tinoona kuti vimbiso, yakapokanwa zvishoma naSara, uye Sara akaudza Abrahama kuti atore Hagari uyu, muEgipita, mukadzi wechidiki, kuti ave mukadzi wake, ive nzira Mwari aizomutsa nayo mbeu yevimbiso.

<sup>38</sup> Zvino, munoona, kubva pane zvandakataura manheru apfuura, kufamba kunosiya hurongwa hwaMwari hwapakutanga kunokanganisa mamiro ezvinhu zvose. Hatigoni kubva paShoko rapakutanga. Rine... Takataura nezvaro manheru apfuura, kana manheru emarimwezuro, ndingadaro, pamusoro paBharami. Akapiwa mhinduro yaMwari, yakananga uye yakajeka, “Usaenda!” Asi Ane kuda kwake kwokuregedzera. Zvino unogona kufamba makuri kana uchida, uye Mwari agoita kuti zvigoMuremekedza, asi zvakadaro hakusi kuda kwaMwari kwakakwana. Zvino ndizvo zvatinofanira kushingairira, kuda kwaKe kwakakwana, kwete kuda kwaKe kwokuregedzera. Humambo hwaMwari, hwaAka...huri panyika nhasi, huno...haugoni kumira, zwakarurama, pakuda kwokuregedzera. Hunofanira kuuya mukuda kwaKe kwakakwana.

<sup>39</sup> Zvino tinoona pano kuti Sara, mushure mokunge Mwari ataurira Abrahama kuti mwana achaberekwa naSara, acharopafadza nyika, zvino Sara akazvipokana. Ndinoda kuti muzvicherechedze, hazvina kubva kuna Abrahama; asi kuna Sara, munhukadzi. Zvino akazvipokana, ndokuti, “Tora Hagari.” Zvino Abrahama akanga asingadi kuzviita, asi Mwari akamuudza kuti azviite zvakadaro. Nokudaro akazviita, akapokana zvishoma. Zvino, Isaka, ariye akasununguka achibva kumukadzi wevimbiso, haaigona kuva mudyi wenhaka pamwe naIshmaeri, womurandakadzi, mukupokana.

<sup>40</sup> Ndizvo zvaiedzwa kutaurwa naPauro pano. Maona, panopokanwa chinhu chimwe, zvinobereka chimwe chinhu chaMwari, humwe hurongwa hwaMwari, asi hazvizogari nhaka pamwe nehurongwa hwapakutanga hwaMwari. Manzwisisa here? Maona, hazvikwanisi kugara nhaka.

<sup>41</sup> Zvino ndicho chikonzero ndakasimba nhasi. Uye ndafunga kuti ino ndiyo nguva yakanaka, nokuti handizivi kuti ndichava nemi nguva yakareba zvakadini, uye, pamwe ndingakwanisa, neimwe nzira Mwari akandibatsira kukuratidzai chikonzero chinoita kuti ndirambe zvakasimba manamatire akarongwa. Maona? Maona, hazvigoni kudya nhaka nohurongwa hwaMwari hwapakutanga, nokuti masangano haasi aMwari. Ndaavanhu. Chechi yakatanga kuita sangano, panyika yose, ichechi yeRoma Katorike paNicaea, kuRoma. Zvakazarurwa 17, yakati, “Yaive

mhombwe, uye vanasikana vayo vose vaive zvipfeve.” Zvino mhombwe mukadzi asingararame zvakatendeka kumurume wake, uye zvimwechetezvo nechipfeve. Asi, munoono, yakaita chechi, zvakadaro. Hurongwa hwesangano hwunoparadzanisa hama. Takaedza kubatanidza machechi ose pamwe chete. Hazvishandi; hazvina kumboshanda. Hazvimbodaro (zvachose) hazvishandi. Mubatanidzwa wamaChechi aPasi pose, unongova . . . uri kunze kwehurongwa hwaMwari.

<sup>42</sup> Zvino unoti, “Ndiwe ani, munhuwo zvake amire apo asina nedzidzo yose?” Hazvina mutsauko, kuti pane dzidzo yakadini. Haisi dzidzo yangu yandiri kuedza kutaura nezvayo.

<sup>43</sup> Ishoko raMwari randiri kutaura nezvaro, maona. Uye kutsigira uku kwamunoono mushumiro, handisi ini, ndiMwari ari kuedza kuzviunza kwamuri, kuti ichi iChokwadi. Mwari angava nechokuita nenhema here? Zvino handingadi chose, kushumira Mwari anoropafadza nhema. IChokwadi chaAnoropafadza, iChokwadi chaAkaremekedza.

<sup>44</sup> Zvino, Ishmaeri haaigona kugara nhaka pamwe naIsaka, nokuti mumwe wavo chibereko chokupokana zvishoma, kungopokana zvishoma. Akanga ari mwana, aiva mbeu yaAbrahama zvakadaro, asi kwete nenzira yaMwari yakakwana; Ishmaeri. Zvino ndingapedza nguva yakareba apa, asi ndinovimba kuti Mweya Mutsvene uchakupai izvi nenzira chaiyo yazvinofanira kuva. Zvino kana vaka . . .

<sup>45</sup> Kana Ishmaeri naIsaka vakatadza kugara nhaka pamwe chete nokuti hurongwa hwaMwari hwapakutanga hwakanga hwashandurwa kuva—kuva hurongwa hwaMwari hwokuregedzera, nzira yokuregedzera yakaropafadzwa naMwari, nokudaro Chechi yapamweya nhasi haingagari nhaka namasangano. Masangano, Mwari akaaropafadza, sezvaAkaita Ishmaeri, asi voMweya havagari nhaka naava. Ndizvo. Pachava, nokubuda muchechi dzemasangano (inodanwa kunzi chechi, chechi yapaniyama), muchabuda Mwenga waKristu, Wakasanangurwa.

<sup>46</sup> Zvino ipapo, chinondinetsa panguva ino, kuziva kuti tinoona masangano ose aya ari kupinda mune zvatinoziva kuti i . . .zvamunodaيدا kuti mvura yokupedzisira, kana, kudururwa kweMweya. Munocherechedza here kuti Jesu akataura, kuti, “Kana izvi zvaitika, ndiwo achava magumo”? Apo, mhandara benzi nemhandara yakachenjera vasiri kugara nhaka pamwe chete. Nokuti apo . . .Mhandara benzi, yaiva mhandara, yaingova isina Mafuta chete. Asi paakauya kuzotenga Mafuta, ndiyo nguva yakauya Chikomba. Zvino ndipo paakasara kunze, paaiedza kutenga Mafuta. Manzwisisa here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndinoda kuti zvinyatsosinina, zvakana. Zvino, zvirokwasvo handisi



kuzopfuurira nechidzidzo ichi. Zvino, kanawo weMweya newepanyama havangagari nhaka pamwe chete.

<sup>47</sup> Ndicho chikonzero Kubvutwa, Mwenga, mhandara yakachenjera, vakadanwa, vakafanotemerwa, vakasanangurwa! Ko, imi vamabhizimisi hamungaiti basa renyu muhofisi yenyu zvakafanana nezvinoedza kufungwa nevamwe vanhu kuti Mwari anofambisa hurongwa hwaKe, zvakavhiringika. Mwari aiziva, nyika isati yavapo, kuti ndiani aizoponeswa uye ndiani asingazoponiswi. Nokufanotemera, nokufanoziva, Akaona nhengo imwe neimwe, ndokuisa zita rose muBhuku reUpenyu reGwayana, Chechi isati yambotanga. Jesu akauya kuzotsvaga nokuponesa avo vaiva muBhuku iroso. Akatenga Bhuku roKudzikinura. Rakanga rarashika, uye Iye Akatidzikinura, namazita ose aiva muBhuku iroso akadzikinurwa paAkatidzikinura.

<sup>48</sup> Zvino, sezvandakataura nguva dzakawanda, munocherechedza izvozvo. Ndicho chikonzero muri pano mangwanani ano, ndicho chikonzero muri kubuda mumasangano ose aya nezvimwe. Muri. . . Pane chimwe Chinhu chiri kukudhonzai. Sepfungwa yangu diki, yechapungu chidiki chakachochonywa nehuku, maona, mu—munoona kuti pane chimwe chakasiyana. Che—chechi yakanga isina chinhu chi—chinogutsa. Asi, imi, makanzwa chimwe chinhu chakadanidzira, mukachiziva kuti, kuti makaberekerwa Ichocho. Muri chikamu chaCho. Imi, imi munokwana maChiri, segirovhosi muruoko. Uye ndicho chikonzero takaungana pano mangwanani ano, pamusana pokuti, sezvaisitaura amai vangu vanobva kunyika yekuchamhembe, “shiri dzakafanana dzinofamba pamwe chete,” nokuti mune zvamunowirirana.

<sup>49</sup> Magora nenjiva hazvipindirani. Kudya kwazvo kwakasiyana, kunyange hazvo njiva ichigona kuchochonywa negora. Ndizvozvo. Zviri maererano nokuti chaiva chii, pakutanga. Zvino, pane izvi, kunyangwe, nji—njiva ikarerwa kwakanguva naro, negora iri, asi kumagumo inowana imwe yayo.

<sup>50</sup> Ndizvo zviri kuita Chechi nhasi, nokuti Jesu iShoko uye ndiYe Chikomba, uye Mwenga inhengo yeChikomba. Naizvozvo Shoko rinofanira kuzadziwa zuva rino chikamu cheShoko rakadziswa muzuva raKe, uye iShoko rimwe chete, chitiko chimwe, Upenyu humwe chete.

<sup>51</sup> Nokuti, Mwari paakapatsanura Adhama, aiva zvose. Tinoona kuti, Adhama aiva mweya, pakutanga. “Akasika munhu nomufananidzo waKe Amene, Akavasika murume nomukadzi.” Zvakare, Genesi 2 zvichienda mberi, Akasika munhu mu. . . kubva muguruva renyika. Munhu akasikwa mumufananidzo waMwari (Mwari Mweya), nokudaro munhu ndowomweya. Zvino paakazova munhu wenyama, nyama

yemhuka panyika, Ari—Ari kuratidza, kufananidzira Mwenga pano. Haana kumbatora chimwe chinhu kuti agadzire mumwe munhu, asi Akatora nhengo yaAdhama, chisikwa chapakutanga, akatora kubva paari, mbabvu kubva parutivi rwake; ndokubvisa mweya wechidzimai kubva muna Adhama, ndokusiya mweya wechirume imomo, wechidzimai akauisa mumudzimai. Nokudaro, chikamu chomweya wake, chikamu chomuviri wake; nyama yenyama yake, pfupa repfupa rake; Shoko reShoko raKe, Upenyu hwoUpenyu hwaKe, zvino ndizvo zvakaita Mwenga kuna Kristu!

<sup>52</sup> Ndicho chikonzero Kubvutwa kweMbeu yohumambo kuchifanira kutanga kwaitika. Uye vamwe vakafa vose havamuki kusvikira churu chamakore chapera, ipapo vachauzwa pamberi peChigaro Chichena Chokutonga. Maona, hapana kutongwa kuMbeu yohumambo, kana Mbeu yaAbrahama yakatemerwa. Zvino kana mukatora Johane 5:24, terera izvi, “Uyo anonzwa Shoko raNgu, uye akatenda kune Uyo wakaNdituma, ano Upenyu husingaperi.”

<sup>53</sup> Zvino izvi zvinosiyana zvakadini nezvevadzidzi vedu vebhaibheri? Zvino ndinogona kuenda ndoti kuchidhakwa, “Unotenda here?” “Zvechokwadi!” Murume atora mudzimai wemumwe murume, “Unotenda here?” “Zvechokwadi!” “Wakanga uri mumusangano here manheru apfuura, kuti unzwe Shoko?” “Zvechokwadi!” “UnoRitenda here?” “Zvechokwadi!” Ari kungotaura chete.

<sup>54</sup> Asi dudziro yapakutanga yeShoko iri, “uyo *unonzwisisa* Shoko raNgu, uye akatenda Uyo wakaNdituma.” “Uyo unonzwisisa,” ndiko kuti, uyo anoRiziviswa.

<sup>55</sup> Jesu akati, “Hapana munhu anokwanisa kuuya kwaNdiri kusiya kwokunge Baba vaNgu vamudana. Uye vose vaNdakapiwa naBaba vaNgu, vachauya. Makwai aNgu, njiva dzaNgu, dzinonzwa Inzwi raNgu. Mutorwa hadziteveri.” Zvino Inzwi raMwari chii? Ishoko raMwari. Inzwi romunhu chii kusiya kweshoko rake? Ishoko raMwari; vachanzwa Shoko raMwari.

<sup>56</sup> Mbeu yapanyama nokudaro yaingotakura bedzi, nemuna Ishmaeri kutanga, Isaka wechipiri, zvozodzika zvakadaro kusvika kuMbeu. Sezvakangoita gunde, muchekechera, nemakwande, egorosi. Zvino, pano, zvinhanho zvitatu zvembeu zvinotiratidza mufananidzo wechokwadi uyo wandinoda kuti titarise nemi mangwanani ano. Tiri kuzviona pano.

<sup>57</sup> Zvino nokuti handina kudzidza, ndinotora zvinhu zvapanyama zvandinoona, ndofananidzira nezvinhu zvapamweya zvandinenge ndaziviswa, nokuti handikwanisi kuzviita kuti zvinzwisisike kwamuri namataurire api zvawo.

<sup>58</sup> Uye, zvakadaro, Mwari anogara achifananidzira zvepamweya nezvapanyama. Dai pakanga pasina Bhaibheri, ndingadai ndichingoziwa kuti chiKristu ndechemazvirokwazvo,

nokuti nyika yose inotenderera pakufa, kuvigwa, nokumuka. Zvisikwa zvinoratidza rufu, kuvigwa, nokumuka.

<sup>59</sup> Tarisa muto uri mukati momuti, kuti unounza sei mashizha, uye michero, zvodonha; wodzokera muvhu nokuda kwechando, pasi pevhu; wodzoka mupfumvudza, noupenyu hutsva. Gore negore, huchipupura kuti kune upenyu, kune rufu, kune kumuka.

<sup>60</sup> Zuva rinobuda mangwanani, somwana mucheche achangozvarwa, asina simba. Nenguva dza seven o'clock kana dza eight o'clock, anotanga kuenda kuchikoro. Nenguva dza ten o'clock kana eleven o'clock, rinobuda mukoreji. Rava kupenya musimba raro, kubva nenguva dzakaita sa eleven o'clock kusvika nguva dza three o'clock masikati, zvino rotanga kupera simba. Kumanheru rinodoka, rinopera simba, harahwa. Ndiwo magumo aro here, rinofa? Kwete. Rinobuda zvakare mangwanani anotevera. Maona?

<sup>61</sup> Zvisikwa zvose, Bhaibheri rako rechokwadi rinopupurirana neBhaibheri iri! Zvino ndizvo zvandiri kuedza kukuratidzai mangwanani ano, kuti kubudikidza nomuzvisikwa munoona Shoko raMwari, zvichienderana ne—neShoko raMwari, nokuti zvisikwa kuita kwaMwari.

<sup>62</sup> Sesainzi, vakaona mashandiro nemirairo yamararamiro ezvisikwa, asi havazivi kuti zvisikwa izvi chii. Havazivi Upenyu hwezvisikwa. NdiMwari. Nokudaro, hurongwa pasina simba rinomutsa hazvibatsiri.

<sup>63</sup> Zvino, gunde, muchekechera, nechikwande, cherechedzai. Hagari pano anomiririra gunde, hunova upenyu hwakatanga muvimbiso. Sara anomiririra muchekechera, kana mukume, unouya mumuchekechera. Maria, mhandara, anomiririra uye akabereka Mbeu yapamweya yechokwadi, kuunza gunde chairo rechokwadi. Hagari naSara, vose vakazviita nokusangana nomurume. Asi Maria, mhandara, akazviita nesimba reShoko rakavimbiswa naMwari, ndokubereka ari mhandara. Akaunza Mbeu chaiyo. Gunde, Hagari, mukadzi wechipiri, nokupokana vimbiso, vachishanda nokupokana, zvishoma.

<sup>64</sup> Ndinongovimba, dai Mwari atibatsira. Handi... Ndinoda kuti muone izvi, zvakanyanya. Haugoni kupokana zvishoma chimwe chaZvo. Unofanira kuChitora sezvaChiri. Hazvidi dudziro. Bhaibheri rinotaura kuti, "Shoko raMwari harisi redudziro yapakavanda." Mwari haadi chimwe chezvikoro zvedu kuti chidudzire Shoko raKe. Kana Arisimbisa Achiita kuti Rirarame, ndiko kududzirwa kwaRo. Mwari paakati, "Ngakuve nechiedza," kwakava nechiedza. Izvi hazvidi kududzirwa. PaAkati, "Mhandara ichava nemimba," yakava nemimba. Hazvidi kududzirwa.

<sup>65</sup> Hatidi zvose izvi, zvikoro zvebhaibheri nezvimwe zvinobata vanhu, "Voti, *tine* dudziro. *Tine* dudziro."

<sup>66</sup> Mwari pachaKe anodudzira Shoko raKe Oga. Haadi kuti mumwe munhu aMududzirire. Akati, “Zvichaitika,” izvo zvinoitika. Akati, “Mumazuva okupedzisira, Achazodurura Mweya waKe,” Akazviita. Handina basa kuti masangano akati chii. Akazviita, zvakadaro, nokuti Akati Achazviita. Nokudaro, haRidi dudziro, nokuti Mwari anoita kududzira kwaKe Oga.

<sup>67</sup> Uye zvinhu izvi zvamunoona, zvinoita sezvisinganzwisisiki kwamuri zvino. Kana mukagona, mungarangerira; shumiro yenyu, imi maPentecosti, kareko makore makumi matatu kana mana apfuura, zvakanga zvakangovanzika ku—kuchechi yeMethodist neBaptisti, seZvizvi kwamuriwo nhasi. Asi zvino Zvitsvakei muShoko. Ndiri kuedza kukuratidzai sokuedza kwamaiita kuvaratidza. Zvino kana Mwari akatendeuka akati Izvi ndizvo, muShoko, uye oZvisimbisa kuti ndizvo, ndiyo dudziro yaMwari pachaKe. Haudi mumwe munhu kuti akududzirire.

<sup>68</sup> Zvino, Hagari, nokungoti “zvishomanana”! Rangarirai, hamugoni kubvisa Shoko rimwe kubva Umo. Uye Jesu akataura, muna Zvakazarurwa, pakupera kweBhuku. Napakutanga kweBhuku, Kristu akati, “Munhu upi noupi anobvisa Chikamu chimwe kubva paShoko iri!” Shoko rimwe rakatadza kududzirwa, rakakonzera hurwere hwose, rufu, rwose rwatakambowana. Zvakanaka, kana Mwari, Anova mutsvene, akatarisa pasi; uye zvikakonzera nyonganyonga yose iyi kubva pakungotadza zvisroma kunyatsodudzira Shoko rimwe, nechinhw chidiki chipi zvacho chakapesana neShoko guru iri chakakonzera nyonganyonga yose iyi; nokutambudzika, kujuja ropa nokufa kweMwanakomana waKe Amene, kuyanana chinhw chakashata ichi kwaAri; ko tingagopinda sei kunze kwekunge tatochengeta Shoko rose?

<sup>69</sup> “Zvakanaka,” munoti, “Hama Branham, izvo zvaiva zvomuna Genesisi.” Ndazvinzwa, maona.

<sup>70</sup> Asi regai ndikuudzei, Zvakazarurwa, ndicho chikamu chokupedzisira cheBhuku. “Ani nani achatora Shoko rimwe kubva muBhuku rechiporofita ichi, kana kuwedzera shoko rimwe kwaRiri, chikamu chake chichatorwa kubva muBhuku roUpenyu.”

<sup>71</sup> Jesu akadaro, pakati peBhuku! Hezvo zvapupu zvenyu zvitatu zvakare: Genesi, Testamende Itsva, nanhasi. Jesu akati, “Munhu haararami nechingwa bedzi, asi neShoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo waMwari.”

“Zvakanaka, Akanga asingarevi izvozvo.”

<sup>72</sup> Aitaura kuvanhu vakanga vari vadzidzi vebhaibheri, kuvakuru-vakuru. Vaprisita ava, sekuru-wasekuru-wasekuru-wasekuru-wasekuru wavo vaifanira kunge vari vaprisita. Kukanganisa Shoko rimwe raRo, kudarireizve, chaiva chirango chorufu zvachose. Vaifanira kutakwa namabwe,

nokuti vasiya Shoko rimwe. Asi vaiva nedudziro isiri iyo pariRi. Nokudaro apo Shoko pachaRo; Mwari paakavimbisa kutumira Mhesiya, akaRitumira nenzira yaAkavimbisa kuti Richauya nayo muzviputiro zvamajoki, vaiva nenzira yakasiyana yokuRiputira.

<sup>73</sup> Regai nditaure izvi. Ndizvo zvazviri nhasi, kuti havaZvioni! Harisi muzviputiro zvamasangano kana zvepfungwa. Rakaputirwa musimba pamwe nerumuko, uye nokuratidzwa kwaKristu akamuka, nzira yaRakavimbiswa naMwari, kwete kuputirwa kwaRo nepfungwa dzavanhu.

<sup>74</sup> Zvino, Hagari, nokupesana kuduku-duku, kubudikidza nomumudzimai, kwete nomuna Abrahamu zvino. Abrahamu akanga asingadi kuvziita, asi Mwari akamurega achizviita nokuti iye. . . Zvimwe chete, Akarega Bharamu achienda. Zvino cherechedzai, nokupesana kuduku naRo, akabereka Ishmaeri, aiva munhu mupengo, haana kumbokundwa. Airarama nowuta hwake. Aiva munhu mupengo. Achakadaro, nanhasi.

<sup>75</sup> Zvino Sara, muchekechera, kana kuti mukume, Sara, mukadzi chaiye wevimbiso, akabereka munhu akapfava, maari ndokubereka rudzi rwakavimbiswa.

<sup>76</sup> Zvino, asi, Maria, pasina kusangana nomurume, asi nevimbiso, saAbrahamu akapiwa vimbiso naMwari, Shoko raMwari, asi akatenda vimbiso, “Tarira murandakadzi waShe,” maona, haana kubereka gunde, asi Mbeu yapakutanga, nokuti ndiYe akanga ari Shoko rakatendwa naAbrahamu uye rakatendwa naMaria.

<sup>77</sup> Zvino, Maria akanga asiri Mbeu, aingova chikwande chaibereka Mbeu. Vamwe vaviri ava vaiva vatakuri voupenyu, hwembeu yapanyama chete. Maria akanga asiri Mbeu, pachake; asi nokutenda Shoko raMwari, akabereka mufananidzo chaiwo weShoko, nokuti Aiva Shoko. Asi sechikwande, che. . . chegorosi, tsanga yegorosi, chikwande chinotakura gorosi mukati macho nokuichengetedza kusvikira yava kugona kana kuti yakura zvokuzviraramira yoga. Maona? Zvino, iMbeu pachaYo yakabva pamudzimai. Sezvakaita, Mbeu yaiva muchibereko chake, mudzimai akanga asiri Mbeu. Haana kugadzira Mbeu. Mwari ndiye Mbeu.

<sup>78</sup> Zvino, ropa zvino, vanhu vazhinji vanofunga kuti takaponeswa neropa rechiJudha. Uye vamwe vavo vanoti, “Zvakanaka, tine mvumo sezvatiri vaHedheni, nokuti Rakabhi chipfeve na—naRute muMoabhi, navakadaro, vaiva maHedheni.” Hauna mvumo yazvo zvachose, kana nomumwe wavo. Akanga asiri muJudha kana muHedheni.

<sup>79</sup> Aiva Mwari, Mutumbi weChiedza weShoko, Shoko rakabva kuna Mwari. Zvino, paRakatanga kufungatira nyika, Rakasika upenyu hwomumvura. Zvino Mweya waMwari, Mutumbi weChiedza weShoko, Shoko, iro Mwari akati,

“Ngakuve,” zvino kwakabuda Mutumbi weChiedza weShoko, unova Shoko. Zvino Shoko rakatanga ku...nokuti zvose izvi zvaiva muMutumbi weChiedza weShoko; Shoko rose raMwari, Bhaibheri rose, kuzvizvarwa zvose. Uye apo Mutumbi weChiedza weShoko wakatanga kufemera pamusoro penyika, zvakaunza upenyu hwezvomumvura; uye zvichikwira, upenyu hweshiri, kusvikira kuupenyu hwemhuka. Kwokupedzisira kwakauya chinhu chinomirira, kana chakafanana naiye wakachisika, wakachifemera mweya, Mwari, munhu ari mumufananidzo chaiwo waMwari.

<sup>80</sup> Munhu uyu akawa, sembeu inofanira kuwa. Zvino Mwari akatanga kumufungatira, mushure mokuwa. Akaunza E—Enoki, Akaunza Eriya, Akaunza Mosesi, Akaunza muporofita mushure momuporofita, achiedza kudzoreredza mufananidzo iwoyo zvakare. Uye, pakupedzisira, panyika pakazouya mufananidzo chaiwo waMwari pachaKe zvakare, waiva Mwari, Mutumbi weChiedza weShoko wakitwa nyama ukagara pakati pedu.

<sup>81</sup> Zvino Mutumbi weChiedza weShoko mumwe chete iwoyo une chikamu, Ane Mwenga, uye Mutumbi weChiedza weShoko mumwe chete, Shoko iri risingagoni kutambwa naro, riri kufamba pamusoro pamachechi nhasi, mukuedza kudzosa Shoko kuti risvike pakuratidzwa kwaRo kuzere. Uko, va—vaporofita vaingova vatakuri veMbeu iyi, nechechi dzamasangano dzanga dziri vatakuri veMbeu zvino. Zvino cherechedzai, tichikurumidza, asi sechikwande chinoputira, chinotakura machiri Mbeu zvino, chinozomusiya.

<sup>82</sup> Jesu akanga ari Mwari. Ndizvo zvaaiva. Baba vaKe vakanga vari Mutumbi weChiedza weShoko mukuru pachaWo. Uye Akanga asingakwanisi kuRidurura rose muna Mosesi, nokuti waiva muporofita.

<sup>83</sup> Zvino Shoko raMwari nguva dzose, haritombokundiki, rinouya kumuporofita. Hapana nzvimbo, hapana nguva, muBhaibheri, kana kubva munguva yeBhaibheri, apo kududzirwa kweShoko kwakakwana kwakauya kumudzidzi webhaibheri. Hazvimo muMagwaro. VaFarise havana, vaSadhuse havana, naMwari haana kumbomutsa muporofita kubva pakati pavo, uye haAna kudaro mumazuva ano okupedzisira.

<sup>84</sup> Pavanongozviita, vose vanouya pamwe chete voita sangano kubva mazviri, ipapo ndopazvinofa. Asi pane chikonzero chokuti Aite izvi. Tichaedza kuzvitsanangura, Mwari achitibatsira. Cherechedzai, onai pano kuti yave pedyo zvakadini iye mudzimai, chechi, mbeu zvino, inosvika pakufanana neMbeu paChayo.

<sup>85</sup> Zvino cherechedzai, mbeu painoenda muvhu, imbeu yapakutanga. Kana yabuda, inounza upenyu. Asi upenyu hunoitei kubva mumbeu yegorosi? Haibudisi gunde rimwe chete

regorosi pakarepo, kana tsanga imwe chete yegorosi. Upenyu hwegorosi, asi huchiri muchinhanho chokutakurwa. Zvino uku ndiko kwaiva kuvandudzwa kwokutanga, apo Ruther akabuda kubva murima renyonganyonga. Yaifanira kuti ife.

<sup>86</sup> Kazhinji, vanhu vanonzwira tsitsi. O, zvino ndakaverenga bhuku nguva diki yapfuura, pamusoro, paMwari *Akanyarara*, rakanyorwa nevenjere vamazuva ano vanoedza kukubvisai pana Mwari. Kana usingazivi Shoko raMwari nohurongwa hwaMwari, unokwanisa kuchimbizika wazunguzwa. Asi kana ukaona zano raMwari, hurongwa hwaKe, zvino nokutenda uzoiva kuti ndiMwari; Mwari achizvizivisa pachaKe, achiita zvaAkaita mu—mune dzimwe nguva, achifamba, achisimbisa.

<sup>87</sup> Ndicho chikonzero Mosesi asina kugona kuzunguzwa. Akataura akatarisana naMwari, Mwari akamuudza kuti, “Ndini Mumwe akanga ana Abrahama shure uko. Ndini Mumwe akapa vimbiso iyi. Ndichava newe.” Ungagona kumisa munhu uyu sei?

<sup>88</sup> Somuporofita wakare akati, “Kana shumba yadzvova, ndiani angarega kutya? Uye Mwari ataura, ndiani angarega kuporofita?” Kana tichiona zvinhu izvo Mwari akavimbisa munguva ino, kuzviona zvichibhedhenuka, mungagomira sei kana muchiona kuti iyi inzira yaKe? ZvaAkataura, zvichaitika. Muchiona zvinhu zvose izvi zvisinganzwisisike, asika ndiyo nzira Mwari yaakataura kuti zvichaitika nayo.

<sup>89</sup> Zvino cherechedzai, “mudzimai,” mutakuri. Zvino, Hagari akauya sedzinde, zvino ndokuzotevera mukume, ndokuzotevera chikwande, zvino kwozotevera Mbeu. Zvino tarirai vatakuri ava, ndinoda kuti mutarire, kutanga.

<sup>90</sup> Zvino, dzinde haritaridziki zvachose seMbeu, asi Upenyu hwaiva muMbeu huri mudzinde. Waiva Ruther. Zvino, dzinde duku rina mashizha akawanda; zvakabva kuna Ruther, ndokuenda kuna Zwingli, ndokudzika kuna Calvin navamwe vakawanda.

<sup>91</sup> Zvino cherechedzai, ipapo, zvakashandura chimiro chazvo. Tarirai zvakasikwa zvichienderana neShoko raMwari, sezuya; rufu, kuvigwa, nokumuka. Zvino ndokuzouya mukume, aiva Wesley. Uye nomuna izvozvo mikume midiki yakawanda yaiva yakaremba pazviri, waitaridzika seMbeu zvakananyanya kudarika zvakaita mashizha, pagorosi kana pachibage. Yaitaridzika zvakananyanya saizvozvo; nokuti, Wesley neShoko rechipiri, Shoko rechipiri raMwari, achiunza chechi yaKe, kuuya nemukuchenewa. Ndiyo yaiva mharidzo yake. Zvakanaka.

<sup>92</sup> Zvino, mushure makanguva, zvakadzika zvikabva zvaenda mudzinde zvakare, zvikaunza hura hwegorosi. Asi hura uhwu husati hwatanga, pakava nokuzunguzwa, gwande, rinofukidza, goko. Uye murimi wose wegorosi, murimi wechibage, kana ukazaruramo nokutora hura hwechibage kana hura hwegorosi, ungafunga kuti kanhu kaduku-iko kaduku

kanhu kokutanga aka itsanga yegorosi. Asi, zvino, ndicho chizvarwa chePentekosti. Zvino haukwani, iwe, mudzidzi webhaibheri upi zvake kana . . .

<sup>93</sup> Mudzidzi wenhorondo upi zvake, ndingadaro, anoziva kuti ndizvo zvizvarwa, zvakauya nenzira iyi. Torai bhu—Bhuku reZvakazarurwa, mugotora mazera ekereke, muone kuti haisiri iyo nzira yazvakabhedhenuka nayo here.

<sup>94</sup> Zvino, kubva muna Whisiri kwakabuda Pilgrim Holiness, maNazarene, nawose masangano ohutsvene, zvachiti swederei pedyo neShoko kudarika kuvandudzwa kwamaRutheran. Asi, munoono, Ruther paakatanga sangano, zvakangotanga mashizha aya. Zvino izvi pazvakatanga, Mweya wese wakabuda muchechi yechiRutheran, yangova sangano, uye vatendi chaivo vechokwadi vakaenda mukucheneswa.

<sup>95</sup> Zvino apo kucheneswa pakwakaenda mberi, vePilgrim Holiness, navamwe, naose masangano ohutsvene, veNazarene, navamwe, Yakabva ipapo, ikaenda muchizvarwa ichi chePentekosti. Zvino tarisa patsanga duku iyi, yegorosi, yava kutaridzika zvakanyanya setsanga yegorosi yepakutanga, iyo yakaenda muvhu, kudarika zvinoita dzinde kana muchekechera. Asi kana ukagara pasi, woiisa muchioniso chegirazi, uye wovhura makwande maduku aya, anongotakura chete. Iro gorosi harisati ratanga. Kanenge kari kabukira nechekumashure, kana washandisa chioniso chegirazi chine simba unokwanisa kuona chinhu chidiki, chakaita sekumuromo kwetsono, ndipo panouya mbeu. Uye chikwande chinotaridzika sembeu yechokwadi chaiyo, hachisi chinhu chechokwadi. Inongova mimba.

<sup>96</sup> Semimba yaMaria. Maria akanga asiri Mbeu, mukufananidzira pano kwedzinde. Aingova mutakuri waYo chete, savamwe vose. Asi somunhu wakadanwa nokutosarudzwa kutanga, naMwari pachaKe, nokuda kwechikonzero ichi, zvinotaridzika sokufunga kweshamwari dzedu dzechikatorike, kuti akanga ari amai vaMwari. Kwete, akanga asiri amai vaMwari, kana Mbeu yaMwari.

<sup>97</sup> Mudzimai anobereka zai. Mwari anonunza hu—upenyu. Chizenga, ropa, riri mumurume.

<sup>98</sup> Huku inogona kukandira zai kana shiri inogona kukandira zai, munguva yepfupfunza inovaka dendere rayo, asi, kana shiri hadzi iyi isina kusangana nerume, zai harichochonyi. Rakafa. Rinoorera mudendere imomo.

<sup>99</sup> Sezvandinosigarotaura, kuti ndiro dambudziko ramachechi nhasi, ari kuorera mumatendere, anonzi Methodist, Baptist, Pentekosti, namamwe. Kana vasina kubatana neShoko, paCharo, vanoorera mumatendere imomo, mumasangano avo.

<sup>100</sup> Zvino, zvino vamwe vavo vanoti, maProtestant vanenge vanotenda kuti Maria ndiye akabereka zai. Kana zvakadaro,



tarisai kuti munoita Jehovha Mwari kuti aitei. Zai harikwanisi kuberekwa pasina kutekenyedzwa.

<sup>101</sup> Nokudaro, maona, Mwari akaita zvole zai nembeu, Akazvisika zvole mumimba yaMaria. Zvino Murume uyu hapana chimwe chaaiva kunze kwaMwari pachaKe aitwa nyama ndokugara pakati pedu, Emanueri, kwete munhu akangonaka, muporofita; Akanga ari Munhu akanaka uye Muporofita; kwete mudzidzisi, kana mudzidzi webhaibheri. O, Anogona—Anogona kunge akange ari zvole izvi; Akange ari zvole muna zvole. Asi pamusoro pazvole izvi, Aiva Mwari pachaKe. Bhaibheri rakati, “Takaponeswa neRopa raMwari.” Mwari pachaKe, kwete munhu wechitatu kana wechipiri. Munhu wacho, Mwari pachaKe, Jehovha mukuru, akafukidza Maria; uye Musiki, akasika zvole chizenga cheropa, upenyu, nezai zvakare.

<sup>102</sup> Kana ukagona kuti muJudha aone izvi, iwe, anobva aziva kuti Mhesiya ndiani. John Ryan paakapodzwa uko kuBenton Harbor, akanga ari bofu kwamakore makumi mana. Rabhi uya akandivhunza, akati, ndakava nenguva yekutaura naye, akati, “Hamungadimburi Mwari kumuita zvidimbu zvitatu mogoMupa kumuJudha.”

<sup>103</sup> Ndikati, “Vamwe vavo vanodaro. Asi isu hatidimburi Mwari kumuita zvidimbu zvitatu.” Ndikati, “Unotenda vaporofita here?”

“Zvirokwazvo, ndinotenda vaporofita,” akadaro.

<sup>104</sup> Ndakati, “Ndiani aitaurwa nezvake naIsaya, Isaya 9:6, ‘kwatiri Mwana azvarwa?’”

Akati, “Ko, ndiMhesiya.”

<sup>105</sup> Ndakati, “Hukama hworudzii hunenge huri pakati paMhesiya naMwari?” Ndakabva ndazvipedza. Ndakati zvino . . .

Akati, “Anenge ari Mwari.”

<sup>106</sup> Ndikati, “Ndizvo chaizvo. ‘Zita raKe richanzi Gurukota, Muchinda woRugare, Mwari saMasimba, Baba voKusingaperi.’”

<sup>107</sup> Ipapo ndipo pakapotsa vehumwechete, ndipo pakapotsa vanotenda vamwari vatatu, mativi ose enzira. Asi chokwadi chemaenzanise anopa mufaro chiri pakati. Kana Mwari akagona kuva Baba vaKe Amene, kana Jesu akagona kuva Baba vaKe Amene, hazvikwanisiki kuti Adaro. Uye kana Akanga aina vamwe Baba vasiri Mwari, uye Bhaibheri rakati “Mweya Mutsvene” wakanga uri Baba vaKe, uye kana iri mweya miviri yakasiyana, Aiva mwana wohupombwe. Ndizvozvo. Ndiani aiva Baba vaKe, Mwari kana Mweya Mutsvene? Woti ndomumwe wavo zvino ona kuti unozonyara sei. Mwari ndiye aiva Baba vaKe. Ndizvozvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

<sup>108</sup> Mateo 1:18, Akadaro.

*Zvino kuberekwa kwaJesu Kristu kwaiva kudai: Apo...Maria mai vake wakati anyengwa naJosefa, vasati vasongana, wakavonekwa ava nemimba yoMweya Mutsvene.*

<sup>109</sup> Zvino Baba vaKe ndiAni? Munoono, munoono zvandiri kureva? Cherechedzai.

*...Josefa murume wake, zvaakanga ari munhu wakarurama...asingadi kumunyadzisa, wakafunga kumurega chinyararire, nokuda kwaizvozvo.*

*Tarira, wakati achirangarira izvozvo...mutumwa waShe akazviratidza kwaari mukurota, akati, Josefa, mwanakomana waDhavhidhi, usatya kuzvitorera...kutora Maria mukadzi wako: nokuti chakagamuchidzwa mukati make ndecho...[Ungano inoti, "...Mweya Mutsvene."—Mupepeti.]*

<sup>110</sup> Ndafunga kuti vanoti, "Mwari Baba ndivo vaiva Baba vaKe"? O, vadzidzi vebhaibheri, kunzwisisa kwenyu kuri kupi?

Cherechedzai, "Kuchava neChiedza panguva dzamanheru!"

<sup>111</sup> Mbeu yechokwadi yakabva kuna Maria, asi yakanga isiri Mbeu yake. Yakanga iri vimbiso yaMwari, iyo yaakati, "Tarirai murandakadzi waShe." Vatakuri voupenyu vaiva madzimai. Zvino, Maria, Mbeu yakanga yava pedyo.

<sup>112</sup> Hagari akaigamuchira nenzira isiri iyo. Sara, achipokana izvi, akaibereka iri mbeu yapanyama, yokusangana nomurume. Asi Maria, pasina kusangana nomurume zvachose, akatenda Shoko, uye Shoko rikaitwa nyama.

<sup>113</sup> Asi cherechedzai, Maria ari pedyo saizvozvo, akatakura Mbeu iyi mumimba yake, uye yakataridzika sokunge yaiva Mbeu yake. Uye ndizvo zvakaita maPentecosti. Ndiri kuswadera pane nyaya yacho. Asi rangarirai, Jesu akati, muna Mateo chitsauko 24, ndima 24, "Namazuva okupedzisira, mweya miviri..." Kwete mazuva okutanga, iko zvino. "Namazuva okupedzisira, mweya miviri iyi ichange yakafanana zvokuti yainyengera vasanangurwa chaivo dai zvaigona." Mweya wechiPentekosti, wakaita sechinhu chaicho, wakakwana zvokuti waikwanisa kunyengera vasanangurwa dai zvaibvira.

<sup>114</sup> Zvino, aya haasi mashoko angu. Ndzivo zvaAkataura. Zvino, mushure mechinguva, zvichida muchanzwisisa zvandiri kuedza kutaura. Zvino Mbeu iyi zvirokwasvo yaitaridzika sokunge...

<sup>115</sup> Gwande iri raitaridzika zvakanyanya seMbeu, kusvikira rakatodarika mukume, rakatodarika gunde, asi zvaingova zvitakuri zveMbeu. Maona, Ruther akaita sangano, gunde rikafa; Whisiri akaita sangano, mukume ukafa; Pentekosti yakaita sangano, upenyu hukafa. Zvino Mbeu youya. Hakuna chimwe kupfuura Mbeu.

116 Cherechedzai, mukufamba kwemakore, pakamuka kufamba kwesimba kukuru, pasina nguva mushure macho munotevera sangano. Rumutsiriro runogara kwamakore anenge matatu ndiko kureba kwenguva yorumutsiriro, zvino vanobva vaita sangano, vogadzira sangano. Anobuda mazhinji kubva parumutsiriro urwu; savazhinji vakabva pana Ruther, tsuri; uye vazhinji vakabva pamukume, Whisiri; nemashizha ePentecosti pachibuda, oneness, twoness, threeness, fourness, fiveness. O, tinzwirei tsitsi! Maona?

117 Asi, cherechedzai, makore makumi maviri okuratidzwa kwaJesu Kristu! Hapana kana sangano rimwe rakambomuka, uye hakuna richamuka; richafa sokufa kwakaita rwose rumutsiriro rwemvura yokupedzisira, nezvimwe zvose. Ino inguva yokupedzisira, Mbeu, uye haizogari nhaka nemakwande, saIshmaeri asina kugara nhaka naIsaka.

118 Onai pano zvino kuti yave pedyo zvakadini, pedyo zvekutogona kunyengera. Ruther, gunde; Whisiri, muchekechera; naMaria, chikwande, kana kuti mimba, kana Pentekosti. Ndinogona kuenderera mberi ndichitaura zvechikwande ichi, ndichikuratidzai. Tichidzika nechizvarwa, hazvina kumboda kufanana chaizvo sezvazviri nhasi. Zvinhu zvose ichечи, *chechi*, maona, “mudzimai.”

119 Uye cherechedzai, akanga ari “mudzimai,” pakutanga, akapokana vimbiso yokutanga. Haasi Mwari akadzivisa Shoko raKe. Mwari haasi kutora Shoko raKe nhasi; Ari kusimbisa Shoko raKe rapakutanga! Asi Sara akati, “Pamwe, zvichida; takamirira.”

120 Ndiro dambudziko pavanhu nhasi, uri kuedza kukwira uchipinda mune chimwe chinhu chausingazivi kuti chii. Unozviita sei iwe kunze kwekunge uchitoziva kuti uri kuitei? Uri kufamba wakapofomadzwa here? Uchiedza kukwira uchipinda mune chimwe chinhu chausingazivi kuti chii, unodonha. “Kana bofu rikatungamirira bofu, vose vari vaviri vanowira mugomba,” Jesu wakareva chitaurwa ichi.

121 Asi zvino tasvika panguva yeMbeu. Zvino Mbeu inotakura, (chii?) inotsigira, kubata pamwe neMbeu yakaItakura. Yakaiswa ipapo nokuda kwechikonzero ichocho, chokuibata.

122 Nokuti, sokuuya kunoita zuva pakutanga kwepfumvudza, pagorosi, tarirai zvisikwa zvose zvichifambirana nemwaka yegore, kufambirana nezuva, zvinhu zvose zvinofambirana zvakana, naMwari. Zvino kana zuva rinodziya ratanga kupenya pambue, inobuda. Asi nyika inofanira kuva iri mumamiriro ekuti iite kuti Mbeu iyi imere kubva muvhu. Inofanirwa kuva nemamiriro aya, uye igopinda mune chimwe chimiro kuti mbeu iyi imere. Yaitofanira kudaro, kuti iibudise mu... muzera rerima.

<sup>123</sup> Vamwe vanhu, mushoropodzi uyu wandati akanyora bhuku, *Mwari Akanyarara*, akati, “Nemumazera ose erima, vatsvene ava vaifira chitendero chavo, vakauraiwa, maKristu aya, uye Mwari akagara Kudenga Achiita seasina hanya nazvo.” Ko, murume asina kudzidza, bofu, bofu pamweya, dai maziso ake akasvinudzwa! Hauzivi here kuti mbeu inofanira kupinda muvhu, kuti ife nokuora, isati yamera zvakare?

<sup>124</sup> Zvino chechi yepentekosti yakafa, mumazuva okutanga kwechechi yeKatorike. Uye yakatanga ine chimiro chedzinde, asi muri kuona kuumbwa kwairi kuitwa ichiswedera, pane imwe neimwe, nomuchizvarwa chaRuther, Whisiri, Pentecosti? Manzwisisa here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

<sup>125</sup> Zvino Inofanira kudzokera kushumiro yepakutanga yaAkanga anayo pano panyika, nokuti Mwenga. Vava chinhu chimwe chete. Zvino Akavimbisa, namazuva okupedzisira, kuti zvinhu izvi zvichaitika sei. Zvino tiri kuona zvichiitika, sevimbiso dzose, Maraki 4, Mutsvene Ruka 17:30. O, namamwe Magwaro mazhinji, haangaperi!

<sup>126</sup> Uye, o, ndava kufanira kumira, nokuti nguva yapera. Hongu. Zvakana, mu—muvaudze, onai kana vakagona kuwana... Vabvunzei, maona, uye mozouya monditaurira. Zvino, kwekanguva. Ndinoda kutaura izvi, zvakanyanya, maona. Ndi—ndinoda kuti muone izvi, zvikuru. Tarisai, Jesu... Cherechedzai, muone, Mwenga.

<sup>127</sup> Zvakadaro, tinoona kuti, muchizvarwa chino chatiri kurarama, onai, kuti mimba, sangano rePentekosti, raitaridzika chaizvo sechinhu chaicho chechokwadi. Asi munoona here kuti, Zvakazarurwa 17, yakati chechi yeRoma Katorike, sangano rokutanga, “imhombwe”? Vangani vanoziva kuti ichi ichokwadi? Vangani vanoziva kuti ndivo mai vezvipfeve? Mukadzi anopfava chii? Zvino, Akati mukadzi uyu “ichechi.” Ko mhombwe chii? Mukadzi asina kutendeka kumhiko dzomuchato wake. Ko chipfeve chii? Chinhu chimwe chete, ishoko rimwe chete.

<sup>128</sup> Zvino, akabereka. Kubereka chii? Kwete kubereka Shoko, asi kubereka sangano. Pano pana maMethodisti, Baptist, nePentecosti, uye vose vakatora tsika dzamai vavo. Mukadzi kunyangwe zvake akaipa pahunhu muCalifornia muno anogona kubereka mhandara; uye ndicho chikonzero mharidzo yokutanga yakauya, asi chokwadi pachakapiwa kuchizvarwa chaRuther, chokucheneswa, akatadza kuzvigamuchira. Kubhabhatidzwa noMweya Mutsvene pakwakatenderwa, pakwakapihwa kumaMethodist, vakatadza kuzvigamuchira. Zvino panguva yeMbeu yakabereka pentecosti, havakwanisi kuZvigamuchira. Vakaita sangano. Asi anga ari mutakuri weMbeu, maona.

129 [Hama inotaura nendimi. Hapana chinonzwika patepi—Mupepeti.] Amen. Zvino tendai Mwari nokuda kwaro, Shoko, hunyoro hweShoko rataurwa.

130 Maona, zviri nyore, seizvi, sokungoona chibage chichikura. Haufanire kuva nedudziro huru yavadzidzi vebhaibheri pazviri. Ingozvitarrira chete. Uri... Akakukomberedza, nguva yose. Waona, ichi... ichi chi...

131 Ndinofanira kuchimira. Ndanzwa kakudhonzwa, uye ndamukumbira kuti adaro. Tinofanira kuchivhara. Zvino, hama, ndichataura izvi chete, ndobva ndaenda.

132 Tarisai, zvino. Chikwande, dzinde, nezvimwewo, zvinongotakura Shoko. Vaiva nechikamu cheShoko, maona, kusvikira pavakawana; kururamiswa, kucheneswa, kudzoreredzwa kwezvipa mu—mumaPentecosti. Asi zvino cherechedzai. Sezvakanga zviri naIshmaeri, naIsaka, maona, uyezve kuna Jesu; maona, mumwe aiva akatsveyama, mumwe ari wepamavambo, hezvino panozouya Mbeu paChayo. Maona? Zvino, chechi yakabuda muchinhu chimwe chete, kudzokera kwakare. Seruva kana chinhu chipi zvakare, rinonwa, rosveta, roenda...

133 Hazvirevi kuti maRutheran akarasika. MaRutheran akaramba kucheneswa, ndivo vakarashika, vanoda kubatirira pane chimwe chinhu... Munooni, Israeri yaidya mana itsva husiku hwoga-hwoga, maona. Cherechedzai.

134 Asi zvino panguva yokuguma, tarirai pachikwande chiri pano, zvino cherechedzai, mugorosi. Chakavanzika chakakwana cho—choUpenyu chakaputirwa muchikwande. Tinozviona muna Ruther, zvichikwira. Tinozviona mumuchekechera, zvichibuda. Tinozviona mushanga. Touya apa, zvino zviri muchimiro chechikwande, kuda kufanana nezvakavaiva muchizvarwa chepentekosti, asi chakavanzika chaicho chakavanzwa mukati.

135 Zvino rangarirai, tichitevera Zvakazarurwa, chakavanzika cheBhuku rose chakaputirwa nezviSimbiso Zvinomwe, zvokuti vavanduzi havana kuwana mukana wokuzviunza, zvikamu zvina zvokuvandudza, zvikamu zvina zveZvipuka zvina zvakabuda kundasangana namasimba mana omunyika. Chokutanga chakabuda, chaiva...

136 Chakatanga kubuda chaiva chii? Shumba, kundasangana nechizvarwa cheRoma. Ndiro raiva Shoko, rapakutanga. Iye ndiye Shumba yorudzi rwaJudha. Kristu pachaKe akaenda kundasangana nechizvarwa ichi. Ndeipi mhuka yakatevera iyo yakaenda kundasangana; mhuka yakatevera yakubuda, kundasangana nomumwe mutasvi webhiza, yaivei? Maona, mutasvi uyu webhiza wokutanga akanga akapfeka zvichena, aine korona mumusoro wake, mushure, zvichingodaro, asi aine uta usina museve.

<sup>137</sup> Cherechedzai bhiza rechipiri rakabuda, Chipuka chakabuda kundasangana naro yaiva nzombe. Nzombe imhuka yokupirisa. Vakaurairwa chitendero muchizvarwa cherima.

<sup>138</sup> Chipuka chetatu chakandosangana nebhiza raitevera, bhiza rorufu risati ratasva, rufu negehena, bhiza rakatevera rakaenda... Chipuka chaitevera chakaenda kundasangana nomutasvi webhiza wenguva iyoyo, chaiva Chipuka chine chiso chomunhu. Vangani vanoziva izvi? Chizvarwa chevanhu vepfungwa, vavandudzi, Ruther, Whisiri, Calvin, Knox, Finney, Moody. Maona?


<sup>139</sup> Asi zvino cherechedzai, chii chakabuda munguva dzamanheru? [Hama inoti, “Chapungu!”—Mupepeti.] Chapungu, chiporofita chakadzoka zvakare. Pachava neChiedza nenguva dzechapungu, nzira yokuenda muKubwinya zvirokwasvo muchaiwana, O Chechi yaMwari mupenyu!

<sup>140</sup> Ndinoshuva kuti dai ndikauya pano ndi—ndigogara pasi mamwe mangwanani, ndigoswera zuva rose, ndichiyana nemi pazvinhu izvi. Teererai, munofunga kuti handikufarirei here? Ndinokudai, hama dzangu. Ndi—ndi—ndinoda kuenda kusangano rose uye ndova... uye—uye ndigobvumirana nomumwe—nomumwe wavo. Asi, munoona, hazvigoneki. Hakuna mukova wakandizarukira.

<sup>141</sup> Ndiri kuenda pachivande kune imwe nyika iko zvino, nokuda kwemasangano, nokuti havabvumiri shumiro iyo Mwari...Ndakavanyorera tsamba ndichivapindura, ndikati, “Kwamakore gumi ndakaedza kuuya. Zvino imi norubhabhatidzo rwenyu rwakatsauka!”

<sup>142</sup> Mumwe wavo anotenda kuti, “Unofanira kubhabhatidzwa katatu; kamwe muna Baba, uye kamwe muMwanakomana, noMweya Mutsvene; chiso chakatarisa mberi.” Mumwe akati, “Kwete, unofanira kubhabhatidzwa katatu namanhede; kamwe muMwanakomana, kamwe muna Baba, noMweya Mutsvene.” Asi vose vakatsauka.

<sup>143</sup> Mumwe akati, “Iye, unobhabhatidzwa murufu rwaKe, uye Akawira mberi paAkafa. Tinobhabhatidzirwa kurufu rwaKe.” Mumwe akati, “Ndiani anoviga munhu akatarisa pasi? Unomuviga, akatarisa mudenga.” Zvisina maturo zvakadaro, zvichipatsanura vanhu, zvinoratidza kuti igodo. Zvinobva kuna Satani. Hazvisi zvaMwari.

<sup>144</sup> Pakati pamapoka ose maviri, Mwari haasi kune rimwe divi, asi Ari kudana kubva kumativi ose, “Budai kubva pakati pavo, muzvipatsanure,” ndizvo zvinotaura Mwari, “uye ndichakugamuchirai kwaNdiri.” Mwari akuropafadzei. 

*MBEU HAINGAZOGARI NHAKA PAMWE CHETE NEMAKWANDE* SHO65-0429B  
(The Seed Shall Not Be Heir With The Shuck)

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga ne Chirungu neChina mangwanani, 29 Kubvumbi, 1965, pakudya kwamangwanani kweFull Gospel Business Men's Fellowship International paBiltmore Hotel muLos Angeles, California, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2014 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)